

Kreye yon sans sekirite nan yon gwoup sipò NAMI

Kreye yon sans sekirite esansyèl pou byennèt nenpòt gwoup sipò. Gid Gwoup Sipò NAMI yo kontribye anpil pou kreye yon estrikti ak sekirite pou patisipan ak animatè yo. Sa ki anba la a se yon lis gid adisyonèl ki pral ede asire ke patisipan yo pran ankònt sekirite emosyonèl, osi byen ke fizik yo. Animatè yo ka pataje gid sa yo nan kòmansman reyinyon gwoup yo, oswa tou senpleman sou yon baz bezwen.

Pou kreye ak ankouraje yon anviwonman respè ak sekirite nan gwoup sipò NAMI nou mande pou patisipan yo:

1. Pa pote zamafe nan gwoup la, menm si zamafe a anrejistre epi patisipan gen otorizasyon legal pou pote l.
2. Pa anba enfliyans dwòg lwazi oswa alkòl pandan yon reyinyon gwoup sipò NAMI.
3. Respekte limit pèsònèl lòt patisipan yo alafwa nan ak andeyò gwoup la.
4. Respekte lefèt ke kwayans relijye yo pèsònèl anpil; kidonk relijyon entansyonèlman pa fè pati de estrikti gwoup sipò NAMI. Kwayans relijye, priyè ak lòt fòm ekspresyon relijye pa entegre nan okenn estrikti reyinyon gwoup sipò NAMI.
5. Respekte diferans kiltirèl ak etnik pami moun yo, menm lè nou pa konprann pèspektiv oswa eksperyans moun yo. Nou mande pou patisipan yo pa fè blag oswa kòmantè denigran sou sijè ras, relijyon, etnisite, laj, oryantasyon seksyèl oswa lòt diferans kiltirèl yo.

Nou remèsye w alavans dèske ou ranfòse gwoup nou an nan respekte gid sa yo.